



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON OGMANTASYON SIS POUSAN NAN FREKANTASYON PAK ETA YO

Sistèm Pak la te Akeyi 69.3 Milyon Vizitè an 2016; 3.9 Milyon Plis Pase an 2015

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Pak Eta New York yo, sit istorik yo, ak tèren kan yo te akeyi yon estime 69.3 milyon vizitè an 2016, yon ogmantasyon 6 pousan plis pase ane 2015 lan, ak yon ogmantasyon 21 pousan depi Gouvènè a te pran pouvwa an 2011.

Gouvènè Cuomo te di, “Pak New York yo se kè ekonomi touris la, epi chif sa yo montre deplizanpli gen plis moun k ap dekouvri bote san parèy yo ak opòtinite lwazi ki disponib nan kat kwen eta yo. Gwo envestisman administrasyon sa a ap fè pou prezève ak amelyore pak nou yo, sit istorik ak tèren kan nou yo enpòtan anpil pou atire nouvo vizitè yo, epi mwen ankouraje Nouyòkè yo ansanm ak vizitè yo pou yo al eksplòre tout sa sistèm pak nou yo gen pou yo ofri.”

Rose Harvey, ki se Komisè Biwo Prezèvasyon Pak, Lwazi ak Istorik yo (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te di, “Pak ak sit istorik New York yo kontinye ap benefisyè de efò solid Gouvènè Cuomo ap fè pou revitalize ak pwomouvwa sistèm pak eta ak bèl espas anplennè nou yo. Nou atann pou nou akeyi plis rezidan Eta New York yo ak touris yo pandan n ap kontinye amelyore ak amenaje sistèm pak nou an pou ane 2017 la.”

Anpil faktè te estimile frekantasyon sistèm pak la, ki gen ladan yo gran amelyorasyon ki te fèt nan etablisman pak la yo tankou reouvèti istorik [West Bathhouse at Jones Beach](#) la ak renouvèlman [Terrapin Point at Niagara Falls](#) la; inisyativ [Konekte Timoun yo ak Pak yo \(Connect Kids to Parks\)](#) k ap ofri elèv katriyèm ane yo antre gratis nan pak yo; yon sezon [lanaj pwolonje \(extended swimming\)](#) jiska apre Jounen Fèt Travay la (Labor Day), [vizit lannwit rekò \(record overnight visitation\)](#) nan tèren kan Pak Eta yo; ak bèl klima favorab pandan tout ete a rive nan fen otòn lan.

Frekantasyon anyèl sistèm pak la yo ogmante konstaman soti nan 57.2 milyon vizit yo te anrejistre an 2011 lan, k ap souliye angajman Gouvènè Cuomo pran pou amelyore

Pak Eta yo, bay plis aksè nan espas lwazi anplennè yo, ak pwomouvwa gran atraksyon touris ak aktivite lwazi eta yo.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York la ap pran yon angajman istorik pou amelyore epi ogmante aksè a espas lwazi anplennè yo. Pwogram Gouvènè a pou Pak NY yo pou lane 2020 an (NY Parks 2020), se yon angajman ki etabli sou plizyè lane pou investi 900 milyon dola nan finansman prive ak piblik pou Pak Leta yo soti lane 2011 pou rive nan lane 2020. Bidjè Egzekitif Eta pou ane fiskal FY 2018 la gen ladan \$120 milyon anvè inisyativ sa a. Anplis de sa, Gouvènè te pwopoze pou konplete vwa vèt Hudson River Valley Greenway ak santye Erie Canalway yo avan 2020 pou kapab kreye Santye Empire State lan (Empire State Trail), ki se pi gwo santye izaj miltip nan nasyon an. Eta a pral devlope 563 kilomèt nouvo santye an twa faz pou kapab kreye yon santye ki mezire 1207 kilomèt pou mache ak monte bisiklèt sou tout longè peyizaj pitorèsk yo ak atravè kominote istorik yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418